EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# «THE MYTHICAL AND FAIRY-TALE NATURE OF THE IMAGE OF HEROES IN KARAKALPAK EPICS»

**Bazarbaeva Malika**
"Second-year master's student at Karakalpak State University"
https://doi.org/10.5281/zenodo.19625668

ARTICLE INFO

Received: 09th April 2026
Accepted: 16th April 2026
Online: 17th April 2026

KEYWORDS

*Epic, myth, totemism, animism, hero, tulpar (mythical horse), "Edige", "Qoblan", "Sharyar", dastan (epic poem).*

ABSTRACT

*This article examines the mythological and fairy-tale nature of characters in Karakalpak heroic epics. Using the examples of the "Edige," "Qoblan," and "Sharyar" dastans, it analyzes the depiction of heroes as possessors of extraordinary, supernatural powers.*

# «QARAQALPAQ EPOSLARINDAĞI QAHARMANLAR OBRAZINIŃ MIFLIK ERTEKLIK TÁBIYATI»

**Bazarbaeva Malika**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.19625668

ARTICLE INFO

Received: 09th April 2026
Accepted: 16th April 2026
Online: 17th April 2026

KEYWORDS

*Epos, mif, totemizm, animizm, qaharman, tulpar, «Edige», «Qoblan», «Sháryar», dástan.*

ABSTRACT

*Bul maqalada qaraqalpaq qaharmanlıq eposlarındağı obrazlardıń mifologiyalıq hám erteklik tábiyatı úyreniledi. «Edige», «Qoblan» hám «Sháryar» dástanları mısalında qaharmanlardıń ájayıp kúshtiń iyesi sıpatında súwretleniwin analizleydi.*

Folklor-xalqımızdıń ruwxıy dúnyası, xalıqtıń kóp janrlı awızeki poetikalıq, erteklerinde, ańız-ángimelerinde hám tağı da basqa dóretpelerinde ótken ómirdiń óz aldına bir kórkem sáwlesi bar. Bularda xalıqtıń dúnyağa kóz qarası, ómirge bergen bahası bar. Sonıń ushın da dúnya alımları xalıq awızeki dóretpelerin tek folklor tanıwdıń ğana emes, bunnan basqa da kóplegen ilimler – filosofiya, tariyx, etnografiya hám jazba ádebiyattıń da tiykarı sıpatında úyrenbekte. Hár bir xalıqtıń dúnyağa kóz qarasları, ózinsheligi, úrp-ádetleri, dástúrleri, ruwxiyatı, eń dáslep onıń awızeki dóretpelerinde kórinedi.

Qaraqalpaq eposlarında orın alatuğın geypara miflik elementler eski mifologiyalıq tásirden payda bolıp, epostıń quramına ajıralmas dárejede enisip ketken. Kópshilik qaraqalpaq eposlarınıń mazmunına ser salıp

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar

qarasaq, onıń baslanıwınan-aq miflik sıpat iyeleytuǵınlıǵın kóremiz. Máselen «Edige» dástanında Edige kepter kebindegi peri qızdan tuwıladı. Mine, bunday ózleriniń ata-teklerin ań-quslarǵa aparıp ushlasıtırıw tótemlik miflerdiń kórinisi bolıp tabıladı.

«Tótemlik dinler islamǵa deyingi budparast arablarda bolǵanı sıyaqlı Orta Aziya xalıqları arasında da bolǵan. Onıń qaldıqları hátte, islam ornaǵannan keyin de ómir súriwin toqtatpaǵan. Bul ideologiya bolsa óz gezeginde ózine ılayıq ruwxıy dúnyanı – mifti keltirip shıǵarǵan».[1] Mine, bunday quslarǵa tótemlik sıpat beriw dástúrleriniń kórinisi «Edige» dástanında da saqlanıp qalǵanlıǵın kóremiz.

«Qoblan» dástanında Qoblannıń anası Bozkempir jolbarıstıń júregine jerik boladı. «Máspatsha» dástanında da usı detal qaytalanadı. Mine, bulardıń barlıǵı aqıldan dóregen qıyallar arqalı jasalǵan epizodlar. Bunıń tiykarǵı sebebi, qaysı bir dástandı alıp qaramayıq onıń qaharmanları basqalardan pútkilley basqasha, ayrıqsha etip kórsetiledi. Bul qaraqalpaq eposlarındaǵı shártli qubılıs bolıp tabıladı. Biz joqarıdaǵı kórip ótken epos qaharmanlarında sol shártlilikti júzege shıǵarıw ushın joqarıdaǵıda miflik sıpatlar berilgen. «Sháryar» dástanına kelsek, ondaǵı qaharmanlardıń tuwılıwı pútkilley basqasha. Sháryar menen Ánjim bir kekili altın, bir kekili gúmisten, bası altın, qolı mıs bolıp tuwıladı. Birinshiden, bunday tań qalarlıq erteklik tuwılıw kópshilik qaraqalpaq dástanlarına tán nárse, ekinshiden, balalardıń bunday káramatlı tuwılıwına dinniń de tásiri kórinedi. Sebebi, bul ájayıp qubılıs «bir qudanıń qúdireti» menen baylanıstırıladı. Sháryar menen Ánjim suwǵa taslanǵanda da ólmey aman jasay beredi. «Suw atası Sulayman suw zálelin tiydirmey, balıq kibi tuwlatıp, balalardı saqlay beredi»[2].

Qaharmanlardıń bunday hádden tıs qúdiretli bolıwınıń tiykarǵı sebebi – bul dástandı dóretiwshileriniń yaki eń dáslepki atqarıwshılarınıń qaharmanlar tárepinde turıp, olardıń mápleri ushın ushqır qıyalınıń nátiyjesinde dóregen bolıwı kerek. Ekinshi tárepten balalardıń suw astında aman júriwi Sulayman payǵambardıń atı menen baylanıstırıladı.

Sulayman diniy inanım boyınsha dúnyanıń astın, ústin soraǵan, haywanlarǵa da, jinge, shaytanǵa, perilerge, dáwlerge, quslarǵa ulıwma janlı maqluqlardıń hámmesiniń húkimdarı bolǵan. Dástanda balalardıń suw astında ólmey aman jasawı usınday diniy isenimlerdiń tásirinen bolsa kerek.

«Sháryar» dástanında Ánjim menen Sháryar kiyikten, al «Edige» dástanında Edige shorı súti menen awızlanadı. Ánjim menen Sháryardıń kiyikten awızlanıw detalın totemizm dep baha beriwimiz kerek.Degen menen biz Edigeni shorınıń emiziwi detalın bul miflik sana, totemizm qaldıqları menen baylanıstırıwǵa haqımız joq.Bul jerde jırawlar miflik sana boyınsha emes, poetikalıq maqsetke bola bul detaldı qollanǵan. Bul detaldıń alıp júrgen poetikalıq júgi Edige menen Qara tıyın Alıptıń oq atıw epizodında ayqın kózge

[1]Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими». №3-4, 1995, 108-бет.

[2]Қарақалпақ фольклоры. XIII том, «Шәрьяр». - Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1984, 26-бет.

taslanadı. Jırawlar Edigeniń atqan oǵınıń Qara tıyın Alıptıń atqan oǵınan eki súyew kem keliwin shorı sútin emgenliginen dep esaplaydı. Jırawlar Edigeniń miyrimsizligin de usı shorı sútin emiw (jaqsı ádep-ikramǵa jaman ádep-ikramdı qosıp jiberiw) detalına aparıp ushlastıradı.

Endi qaharmanlarǵa at qoyıw máselesine keletuǵın bolsaq olardıń atların qolına sırlı hasa uslaǵan, ǵayıptan tayıp házir bolǵan bir qálender pir qoyıp, kózden ǵayıp boladı. «Qoblan», «Máspatsha», «Sháryar» dástanlarında balalardıń atların Qızır İlyas piri qoyadı. Demek, balalarǵa at qoyılıwı motivinde de dinniń tásiri ayrıqsha kórinedi. Al, «Edige» dástanında balanıń atır Qızır İlyas piri qoyıw detalı ushıraspaydı. «Sháryar» dástanında dinniń tásiri kóplep ushırasıp otıradı. Máselen, Sháryardıń Búlbilgóyadan jeńilip qatıp qalıwı, Ánjimniń Búlbilgóyanı duw aytıp jeńiwinde dinniń tásiri kórinip turadı. Adamnıń tasqa yamasa basqa nárselerge aylanıp ketiwi allanıń isi, qudaytalanıń qúdireti dep esaplanǵan. Al, Sháryardıń qayta adam qálpine keliwi dástandı dóretiwshiler menen tıńlawshılardıń dúnya tanıwı, diniy isneimleri menen baylanıslı bolǵanlıqtan onda «duwa» túsinigininiń qosılǵanlıǵın kóriwge boladı. Dástanda Sháryardıń tas bolıp qatıp qalıwı hám qaytadan adam qálpine keliwi adamlardıń eski magiyalıq isenim sózdiń kúshi «duwa» sıyqır menen ámelge asırıladı. «Edige» dástanında sózdiń magiyalıq sıyqır kúshine iseniw jetilisken arxaikalıq mif izleri Qara Tıyın Alıp dáwdiń Edigeni ǵarǵaw epizodında da kúshli ańlatıladı. Bul epizod mazmunı boyınsha Qara Tıyın Alıp dáw bólesi Edigeniń qolınan ólip baratırǵanına anıq kózi jetkennen keyin:

Seni ǵarǵap neteyin,
Ǵarǵamay-aq keteyin,
İnanbasań sózime,
Belgi salıp keteyin.
Sen balalı bolarsań,
Balań menen málellesip,[3]

Oń kóziń shıqsın Edige, - dep bir belgi salıp ketedi. Aradan kóp waqıt ótpey-aq balasınıń ashıw menen siltegen qamshısı úzilip ketip Edigeniń kózine tiyip kózi shıǵıp qaladı.

Eposlarda qaharmanlardıń miflik átbiyatı ayrıqsha pirlerine sıyınıp, járdem soraǵanda kórinedi. Qanday qıyınshılıq bolsa da pirleriniń járdemi menen jeńip kete beredi.

«Máselen, «Qoblan» dástanında Qoblan qıynalǵan waqtında pirim dep shaqırsa piri sol waqıt tayın bolıp, batırǵa hádden tıs kúsh-quwat inam etedi.

Mısalı, Qoblan Alańǵasır Álip dáwdi Kóbikli pirlerdiń járdemi menen qıyınshılıqlardan qutıladı.Dástannıń basında yarım jabayılıq halatı menen zooantromoflıq obrazda kóz aldımızda kelse, ayırım saparlarda qaraqalpaqshada «qanatı sel-sel suw bolǵan, aq-sarı bası quw bolǵan» peri kelbeti menen totemlik obrazdıń úlgisin beredi.

Baba Túkli Shashlı Azizdiń bul miflik obrazınan shamanǵa da, islamǵa da tán belgileriniń izlerin kóriwimizge boladı.

Awzında bar allası,
Qoynında bar quranı,

[3] Едиге. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы, 1990. (Ерполат жыраў варианты), 31-б.

Basında bar sállesi,

İyninde bar mállesi, - dep táriyiplewleri menen Nuratdinniń shólde qıynalǵan waqıtta hám xanniń zıyapatında qanǵa boyalıp óleyin dep atırǵanda, Allanıń Jábireyil perishtesindey ushıp júrip peshi menen shıranı urıp óshirip balanı aman alıp qalıwları, onı islamnıń wákili sıpatında, onıń aq-sarı bas quw-árwaq bolıp ushıp júriwleri, Nuratdinniń usı árwaqqa sıyınıwları usı obrazdaǵı shamanizm qaldıqlarınan derek beredi.[4]

Quslar haywanlar menen sóylesiw kópshilik qaraqalpaq dástanlarında ushıraydı.Ásirese, bul «Sháryar» dástanda erteklik masshtabta sóz etiledi.

«Sháryar» dástanındaǵı Sháryardıń Búlbilgóya menen aytısı tuwralı Q.Maqsetov bılay dep jazadı:

«Sháryardıń Búlbilgóya menen aytısı geypara diniy ayırmashılıqların alıp taslaǵanda adamnıń tábiyat qarama-qarsılıqlarına qarsı gúresleriniń geypara jaqların óz ishine aladı.Biraq aytıwshılardıń pikirine baylanıslı dinniń tásiri ádewir eleslik túrde sóz boladı».[5]

«Edige» dástanında Edige menen Qara Tıyın Alıp dáwdiń kepter kebindegi peri anaları bılayınsha sóylesedi.«Shıraǵım dúnyanıń tórt mushına ushıp barıp qonbaǵan tawım joq. Gezbegen jolım joq. Dúnyanıń júzinde mendey dáw tuwǵan peri kóridińbe dep sawa qoyǵan eken.«Apajan, balam dáw dep maqtanba.Noǵaylınıń xalqında bayterektiń túbinde mennen bir jetim bala qaldı. Kamalına jetisse seniń dáwińdi arqalap ketedi – dep maqtanǵan eken. Mine, bunday haywanlardıń, quslardıń» sóylewleri totemlik miflerdiń kórinisi bolıp tabıladı. «Edige» dástanında Edige Qara Tıyın Alıp dáw menen bóle etip kórsetiledi. Bulay bolıwınıń tiykarǵı sebebi dástandı dáslepki dóretiwshilerdiń Edigeniń atına qaharmanlıqtı, qúdiretlilikti baylanıstırıwınan bolıp esaplanadı.

«Sháryar» dástanında tawdıń, tastıń, shóldiń sóylew motivleri ushırasadı. Biz bul motivlerge animizm qaldıqları dep baha beriwimiz kerek. «Tábiyattaǵı dúnyanıń bári birdey degen eski miflik sana álemdegi janlı hám jansız, óli menen tiri nárseni anıq jámlewden kelip shıqqan. Bul túsinikti miflik sanaǵa tán ananizmdi yaǵnıy dúnyadaǵı nárseniń báriniń janı bar degen isenimdi shıǵarǵan.

«Sháryar» dástanında jer astı patshalıǵı haqqında sóz boladı. Bul kópshilik qaraqalpaq qıyalıy erteklerinde ushırasıp otıratuǵın motiv bolıp tabıladı.

Túrkiy xalıqlar ápsanalarında jaqslıq hám dawızlıq haqqındaǵı túsinikler óz-ara uqsas.Eń kóp jayılǵan ápsana Ulgen hám Erlik xan haqqındaǵı mif bolıp, Erlikxan túrli kásapatlardı jer astınan jawız ruwhlar bolıp esaplanǵan dáwler, jin-shaytanlar, túrli jabayı haywanlardı tarqatadı.«Sháryar» dástanındaǵı «jer astı patshalıǵı» hám Erlikxan dúnyası uqsas. Bul demek túrkiy xalıqlardıń jawızlıq hám jawız kúshler haqqındaǵı miflik kúshler bir-birine jaqın, tiykarǵı shıǵısı bir ekenliginen derek beredi. Biz

---

[4] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими». №3-4, 1995, 112-бет.

[5] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1992, 36-бет.

joqarıda kórip ótken detallardan basqa da miflik motivlerdi kóplep ushıratamız. Ulıwma juwmaqlastırıp aytqanda miflik motivlerdiń joqarıda kórip ótken dástanlarda isletiwdiń tiykargı sebepleri, birinshiden, sol dástanlardı dóretken xalıqtıń hám atqarıwshılardıń sanasındağı eski miflik sana qaldıqlarına baylanıslı kelip shıqqan bolsa, ekinshiden qaharmanlıq dástanlarğa tán epikalıq dástúrlerdiń zatlı jalğısı sıpatında kelip shıqqanlığın kóremiz. Sebebi, biz qaysı bir dástandı alıp qaramayıq onda zıyanlı túrde miflik detallardı ushıratıwımız shártli qubılıs bolıp esaplanadı.

Ápsanalarda batır menen qatar onıń atı da kózge túsip turadı. Hádden tıs káramatlı túrde dúnyağa kelgen batırdıń ózi sıyaqlı onıń atı da júdá ájayıp káramatlı kúshtiń járdemi menen tuwılğan boladı.Olar qádimgidey ápiwayı jılqı emes, al ózgeshe hasıl tuqımlı tulpar boladı.Máselen, «Qoblan» dástanında Qoblandı ákesi Qıdırbaydıń bir úyir jılqısınıń ishinen birewi de kótere almay omırtqası úzilip óle beredi.Eposlardağı shártli qubılıs batırdıń minetuğın atı da ayrıqsha qaralğan tulpar bolıwı kerek.Qoblannıń Torısha atı da sonday káramatlı tulpardıń biri boladı. Ol «suw tulpar» menen «Kerbiye»den tuwılğan.

«Edige» dástanında Edige menen Nuratdinniń mingen atlarınıń kórinisi ápiwayı bolğanı menen olarda ayrıqsha jaralğan tulparlar, máselen, Nuratdinniń tulparı jılqıda júrgende boyın jasırıp júredi.Ol bılayınsha súwretlenedi.

Moynı tayaqtay,
Qursağı suw qabaqtay,
Jalları bar bir qushaq,
Ayaqları topıshaq,
Jılqılarğa ere almay,
Baratırğan yabığa,
Noqtanı uslap saladı.

Nuratdinniń atı da kórer kózge kórinis bolğanı menen boyın jasırıp júrgen tulpar boladı.Nuratdin mingen Sarı ala at Edige mingen Aqsha attıń.

Bel balası der edi,
Edige mingen aqsha attıń,
Haslı zatın sorasań,
Suw tulpardan bolğan,
Jel biyeden tuwğan,
Aqsha attıń bul balası,
Qan tamaqlı tulpar edi sarı ala at.[6]

«Sháryar» dástanında da Sháryardıń atı Jahangirge ayrıqsha orın beriledi.Jahangir de tek jay ğana shapsa ozatuğın batırdıń tulpar atı emes, al ol aqılğa uğras kelmeytuğın legendalıq Sulayman patshanıń atı.«Máspatsha» dástanındağı Májnún at ta joqarıdağı tulparlar qatarına kiredi.Eposlardağı atlar tek kóplik retinde ğana emes, al batırdıń jawınger joldası, qıynalğanda eń jaqın bir járdemshisi retinde kórinedi.Mısalı, «Sháryar» dástanında Jahangir Ánjim menen joldas bolıp, Sháryardıń Búlbilgóyanıń duzağınan qutılıwına, ákesi Darapsha sheshesi Gúlshara menen ushırasıwğa járdem beredi.Bunnan basqa dástannıń syujet liniyasında aqılğa uğras kelmestey jaqsılıqlardı isleydi.

«Qoblan» dástanında Qoblan Kóbikli dáw menen gúresip atırğanda Kóbikli Qoblandı qattı qısıp jığıwğa shamalasqan waqıtta Torı at Qoblanğa járdemlesip, Kóbikliniń barmağın tislep, oks sáddelep

[6]Едиге. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1990, 40-бет.

jiberedi. Onnan keyin Torısha at bir yarım aylıq jerdegi Qurtqanıń aǵası Qaraman batırdıń eline jaw shawıp barıp Qoblannıń jaw qolında qalǵanlıǵın xabarlaydı.Batırdıń atınan taǵı bir tań qalarlıq jeri olardıń 40 kúnshilik jerdi 3 kúnde basıp ótiwi yamasa qanat baylap ushıwı bolıp esaplanadı.Juwmaqlap aytqanda, biziń bul maqalamızda qaraqalpaq xalıq dástanları bolǵan «Qoblan», «Sháryar» ,«Edige» eposlarındaǵı obrazlarǵa toqtala otırıp olardaǵı miflik hám erteklik tábiyatın ashıp beriwge háreket ettik. Jırawlardıń at obrazına ayrıqsha áhmiyet beriwi birinshiden áyyemnen kiyatırǵan miflik sana izleri bolsa, eposlardaǵı janlı qubılıs – qaharmannıń atı da qúdiretli, kúshli, ájayıp bolıwı kerek, degen shártlikti júzege shıǵarıw ushın islengen qubılıs bolıp tabıladı. Batırlardıń atın bunday qúdiretli etip súwretlew eposlar ushın dástúriy motiv bolıp esaplanadı. Jáne de bul tek qaraqalpaq dástanları ushın ǵana emes, ulıwma túrkiy xalıqlardıń eposları ushın xarakterli qubılıs bolıp tabıladı.

## References:

1. Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими». №3-4, 1995.
2. Едиге. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы, 1990. (Ерполат жыраў варианты).
3. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1992
4. Қарақалпақ фольклоры. XIII том, «Шәрьяр». -Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1984.